



Tilaremi

Kisa tilaremi ye?

Tilaremi se yon maladi koze pa yon bakteri/mikwòb. Nou jwenn maladi a ni nan bèt domestik (mouton ak chat) ni nan bèt sovaj (lapen, ekirèy, kastò, ak chèvrèy). Nan Boston, li ra pou moun gen tilaremi.

Kouman tilaremi simaye?

Tilaremi ka simaye lè yon tik oubyen yon mouch chèvrèy mòde. Tik yo ki transmèt tilaremi ba moun gen pami yo tik chen, tik bwa, ak tik yon sèl zetwal. Enfeksyon pou moun ka rive tou apre moun fin touche, pran kontak, oubyen manje bèt ki enfekte. Nan ka yo ki ra, li ka simaye nan bwè dlo kontamine oubyen respire pousyè kontamine nou jwenn pafwa nan tè. Yon moun pa kapab bay yon lòt moun maladi a dirèkteman.

Gwosè relatif tik yo nan diferan etap lavi yo

Lone Star Tick (*Amblyomma americanum*)



Dog Tick (*Dermacentor variabilis*)



Kisa sentòm tilaremi yo ye?

Sentòm tilaremi yo varye, tou depan de kouman mikwòb la antre nan kò a. Maladi ka soti nan lejè pou rive jiska menase lavi. Mòde tik yo ka lakòz yon moun pou gen ilsè/maleng nan po ki fè mal anpil avèk/oubyen glann ki anfle. Yon gòj fè mal, vant fè mal ak vomisman ka rive si yon moun manje mikwòb la. Si se vale yon moun vale mikwòb la, li ka fè eksperyans tous, doulè nan pwatrin ak pwoblèm pou respire. Tout fòm yo vini avèk lafyèv, ki ka monte jiska 104 °F.

Nan konbyen tan sentòm yo ka parèt?

Sentòm yo dabitid parèt nan 3-5 jou apre kontak, men sa ka pran jiska 14 jou.

Kouman tilaremi dyagnostike?

Li ka difisil pou dyagnostike tilaremi. Se yon maladi ki ra, epi moun ka konfonn sentòm yo pou lòt maladi ki pi komen. Li enpòtan pou di pwofesyonèl swen sante ou tout kontak yo, tankou tik mòde ak mouch chèvrèy yo oubyen kontak ak bèt ki malad oubyen mouri. Tès san ak lòt tès laboratwa ka ede konfime dyagnostik la.

Continued

Kisa tretman pou tilaremi ye?

Doktè ou ka ba ou remèd pou trete tilaremi. Dabitid, tretman dire de 10 a 21 jou sa depan de etap maladi a ak medikaman yo sèvi a. Malgre sentòm ka dire plizyè semèn, prèske tout malad refè konplètman.

Kisa ki dwe fèt pou fè tilaremi sispann simaye?

- Anpeche ensèk mòde nou nan mete rad pwoteksyon tankou chemiz manch long ak pantalon long epi foure pye pantalon yo nan chosèt ou yo.
- Mete rad ki gen koulè pal pou ede ou jwenn nenpòt tik sou rad ou anvan yo rive sou po ou.
- Rete nan mitan wout yo lè ou nan yon zòn ki gen anpil bwa.
- Itilize pwodui pou pouse ensèk ki gen DEET sou po ou ki ekspoze. Li etikèt yo ak anpil atansyon. Itilize pwodui ki pa gen plis pase 30% DEET. Pa itilize pwodui pou pouse ensèk sou ti bebe yo. Lave po ou ak savon ak dlo apre ou retounen andedan kay la.
- Ou ka pase permethrin sou bagay tankou rad pou pouse tik yo. Li etikèt pwodui a ak anpil atansyon epi swiv enstriksyon yo pou sèvi ak li. Pa pase li dirèkteman sou po ou.
- Gen lòt pwodui pou pouse ensèk ke EPA apwouve. Pou plis enfòmasyon, ale nan <http://www2.epa.gov/insect-repellents/find-insect-repellent-right-you> .
- Chèche tik yo epi retire sa ki kole sou ou yo imedyatman. Eseye pa peze oubyen tòde tik yo.
- Ou dwe mete gan lè ou gen kontak oubyen kòche bèt sovaj, sitou lapen ak wonjè.
- Vyann sovaj tout bèt, sitou lapen ak wonjè ta dwe byen kwit anvan ou manje yo.
- Se pou ou dekouraje timoun yo pou pa gen kontak ak bèt ki malad oubyen mouri, sitou bèt sovaj, pami yo lapen.
- Evite bwè dlo ki pa trete oubyen ki kontamine.

